

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tina hasil panalungtikan jeung analisis basa Sunda Dialék Brebes di Kacamatan Salem pikeun bahan pangajaran Maca di SMP, bisa dicokot kacindekan saperti ieu di handap:

1. Pidangan kecap-kecap BSDB di Kacamatan Salem aya dina wangun pedaran kecap-kecap BSDB, papasingan kecap-kecap BSDB, papasingan kecap-kecap dumasar kana makna dasar, analisis bébédaan antara BSDB jeung BSL, analisis wangun kecap BSDB, jeung métakeun kecap-kecap BSDB.
2. Kandaga kecap Basa Sunda Dialék Brebes di Kacamatan Salem kapanggih aya 291 kecap. Éta kecap-kecap téh dipasing-pasing kana 15 kecap istilah. (1) istilah pancakaki aya 15 kecap (5,2%), (2) istilah gaganti sesebutan aya 11 kecap (3,8%), (3) istilah kahirupan désa jeung masarakatna aya 14 kecap (4,8%), (4) istilah imah jeung babagianna aya 13 kecap (4,8%), (5) istilah pakakas aya 29 kecap (10%), (6) istilah kadaharan & inuman aya 28 kecap (9,6%), (7) istilah panyakit aya 12 kecap (4,1%), (8) istilah pakasaban aya 5 kecap (1,7%), (9) istilah tutuwuhan & bungbuahan aya 26 kecap (8,9%), (10) istilah sasatoan aya 25 kecap (8,6%), (11) istilah kanyataan alam jeung usum aya 19 kecap (6,5%), (12) istilah budi parangi aya 41 kecap (14%), (13) istilah kaulinan aya 9 kecap (3,1%), (14) istilah pagawéan aya 31 kecap (10,6%) jeung (15) istilah pananya, panyambung, panambah jeung panganteb aya 13 kecap (4,5%).
3. Wangun kecap BSDB di Kacamatan Salem kapanggih aya opat rupa, nyaéta (1) Kecap asal (2) Kecap rundayan (3) Kecap rajékan jeung (4) Kecap kantétan. Tina segibébédaan kapanggih aya tilu bébédaan nyaéta bébédaan fonétik, onomasiologis, jeung semasiologis. Kahiji, bébédaan fonétik anu ngawengku dua jihat bébédaan nyaéta jihat vokal

Jeung konsonan. Tina jihat vokal kapanggih 13 kecap sedengkeun tina jihat konsonan kapanggih 10 kecap.

Kadua bébédaan semantik anu ngawengku dua jihat nyaéta sinonimi jeung homonimi. Tina jihat sinonimi kapanggih 291 kecap sedengkeun tina jihat homonimi kapanggih 13 kecap.

Katilu, bébédaan onomasiologis kapanggih 13 kecap.

Kaopat, bébédaan semasiologis kapanggih 6 kecap.

Kalima, bébédaan morfologis kapanggih 6 kecap.

4. Peta sebaran makéna kecap BSDB di Kacamatan Salem aya 291 peta. Kecap BSDB dipetakeun luyu jeung wilayahna. Tina unggal kecap dipetakeun kalawan maké lambang anu sarua, kecap nu béda maké lambang anu béda.

5. Bahan pangajaran basa Sunda anu ngandung kecap BSDB di Kacamatan Salem diwujudkeun dina wangun karangan bahasan “Salem (lain) Jawa”, babaran kecap BSDB di Kacamatan Salem jeung latihan.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan henteu nalungtik sakabéh Desa nu aya di Kacamatan Salem, tapi ngan ukur 7 Kacamatan tina 21 kacamatan, lian ti éta loba kénéh kandaga kecap BSDB anu teu asup kana ieu panalungtikan lantaran heureutna watesan-watesan anu asup dina kecap istilah, ku lantaran kitu perlu ayana panalungtikan séjén anu nalungtik leuwih jembar dina papasingan istilahna, sarta nyokot sampel anu leuwih loba désana atawa sakabéh desa di Kacamatan Salem sangkan hasil panalungtikanna leuwih akurat. Lian ti éta, lantaran kecap-kecap BSDB di Kacamatan Salem bisa dipaké bahan ajar, masih perlu panalungtikan anu nguji kamampuh siswa dina ngawasa kecap-kecap BSDB.